



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ HOCHUL SOU ODYANS KOMITE JIDISYÈ SENA A

"Jodi a, Nouyòkè yo te gen opòtinite pou yo tande Jij LaSalle dirèkteman, e sa yo te tande a se te yon afimasyon angajman li pou ekite ak jistis avan tout lòt bagay. Li te pataje tou istorisite ak opinyon pèsonèl li, ki gen ladan sipò pwofon li pou travay òganize ak kwayans san ekivòk li pou dwa ak avòtman. Jij LaSalle demontre egzakteman poukisa li se bon moun pou wòl sa a - akòz eksperyans vas li, tanperaman jidisyè ak entegrite li.

Pandan ke sa a se te yon odyans konplè, li pa te youn ki jis, paske rezulta a te predetèmine. Plizyè Senatè te deklare ki jan yo te pral vote anvan odyans lan menm te kòmanse - enkli sila yo ki te fèk syeje nan Komite Jidisyè ki fèk elaji a. Pandan ke Komite a jwe yon wòl, nou kwè Konstitisyon an egzije aksyon nan men ansanm Sena a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418